

POSTER JEUNG STIKER

Dina wacana bieu dipedar ngeunaan énergi. Anu jadi sumber énergi téh rupa-rupa, aya anu disadiakeun ku alam, aya anu kudu diolah heula. Lila-lila mah éta sumber énergi téh bisa béak. Bénsin, solar, minyak tanah, batu bara, jeung sakur sumber énergi lianna anu asalna tina jero taneuh hiji waktu mah bakal béak. Ku sabab kitu, urang kudu hémat. Sumber énergi téh ulah dihabur.

Anjuran hémat énergi di antarana bisa ditepikeun dina poster, sakumaha anu aya dina papan informasi sakola Tanti. Ari poster mah biasana ditémpélkeun di tempat anu ramé. Misalna waé di tempat anu remen jadi liliwatan, atawa tempat ngumpulna jalma. Lian ti dina poster, bisa deuih ditepikeun dina stiker. Tah ari stiker mah ukuranana leuwih leutik ti poster.

Eusi poster jeung eusi stiker bisa waé sarua. Bédana téh dina ukuranana. Mun poster upamana ukuran $40 \times 60 \text{ cm}^2$, tah ari stiker mah cukup ukuran $4 \times 6 \text{ cm}^2$ gé.

Geura urang titénan rupa-rupa stiker anu eusina ngajak ka urang pikeun ngahémat sumber énergi.

Jawab pananya dumasar teks !

1. Poster nyaeta gambar anu eusina mangrupa
2. Poster jeung stiker bedana dina
3. Tempat nempelkeun poster nyaeta.....,
4. Ukuran stiker leuwihti poster
5. Cara make stiker biasana

ajakan

gede

ditempelkeun

ukuranna

Tempat rame

MEDARKEUN EUSI POSTER

PEK KU HIDEUP JODOKEUN JAWABAN JEUNG GAMBARNA !



NGAJAK URANG NGAHEMAT LISTRIK

NGAJAK URANG NGADAUR ULANG

NGAJAK URANG NGAHEMAT CAI

NGAJAK URANG NGAHEMAT BBM

NGAJAK URANG NGAHEMAT BBM TUR SEHAT